

Chè Paran oswa Founisè Swen,

Byenvini! Elèv ou a enskri nan Imagine Language & Literacy pou nouvo ane lekòl la! Imagine Language & Literacy se yon pwogram adaptatif e entè aktif ki montre konsèp langaj ak lekti nan nivo konpetans elèv ou a, epi ede l mete sa li te aprann yo an pratik. Pou w aprann plis sou li Imagine Language & Literacy, vizite [www.imaginelearning.com/literacy/language-and-literacy](http://www.imaginelearning.com/literacy/language-and-literacy).

## Eksperyans Elèv ou a nan Imagine Language & Literacy

Imagine Language & Literacy itilize jwèt, liv, chante epi videyo entè aktif e amizan pou anseye konsèp langaj ak alfabetizasyon tankou lèt ak son, rim, vokabilè, òtograf, konpreyansyon lekti e plis ankò. Lè elèv yo kòmanse nan Imagine Language & Literacy, yo sibi yon egzamen referans (ke distri eskolè ou a ap chwazi) k ap detèmine nivo konpetans yo nan moman an epi plase yo sou pwòp pakou aprantisaj pèsonalize yo. Toutotan elèv yo ap itilize Imagine Language & Literacy, l ap adapte li a nivo pèfòmans yo, l ap ede yo aprann epi mete konpetans yo bezwen yo an pratik.

Lè elèv ou a byen reponn kesyon yo, yo genyen pyès vityèl pou yo ka jwe a lòt jwèt, pase tan nan Imagine Language & Literacy rekonpanse anviwònman yo epi pèsonalize avata yo. Imagine Language & Literacy li bay sipò odyo nan 15 lang pou ede timoun k ap aprann yo pale Anglè.

## Utilize Imagine Language & Literacy Lakay

Elèv ou a kapab ale sou Imagine Language & Literacy nan yon navigatè entènèt sou yon òdinatè oswa tablèt (se pa telefòn), l ap konekte ak URL epi enfòmasyon pou konbekte pi ba yo. Ou kapab telechaje Imagine Learning Student App Elèv la pou Chromebooks apati de [Chrome Web Store](https://chrome.google.com/webstore/detail/imagine-learning-student-app-elèv), pou iPads apati de [App Store](https://apps.apple.com/us/app/imagine-learning-student-app-elèv) epi pou aparèy Android apati de [Google Play](https://play.google.com/store/apps/details?id=com.imaginelearning.studentapp) ak [Amazon](https://www.amazon.com/imagine-learning-student-app-elèv).

Verifye [help.imaginelearning.com](http://help.imaginelearning.com) pou ka asire w ke òdinatè oswa tablèt ou a reponn a egzijans teknik minimòm yo. Pou ka kenbe pakou aprantisaj elèv ou a inik e pèsònèl epi rapòte kwasans ak pwogrè li, sèlman k ofisyèlman enskri sou Imagine Language & Literacy ki dwe itilize li lakay.

## Sipòte Pwogrè Elèv Ou a

Ou kapab ede elèv ou a reyisi si w enplike nan eksperyans Imagine Language & Literacy yo.. Swiv rekòmandasyon sa yo pou w ka pi byen pwofite Imagine Language & Literacy ane lekòl sa a.

- **Ankouraje elèv ou a itilize Imagine Language & Literacy lakay li.** Ofri yon espas travay san distraksyon epi ankouraje elèv yo refflechi epi rete atantif pandan y ap fè jwèt entè aktif yo.
- **Revize tout istwa oswa dokiman timoun ou an pote sot lekòl la.** Mande elèv la pou li istwa yo byen fò epi revize konpetans yo anseye nan dokiman yo.
- **Revize pwogrè elèv ou a ak pwofesè li.** Pale sou kwasans ak pwogrè jeneral pitit ou a, rezilta li nan tès yo, kijan yo prevwa rannman li nan egzamen leta yo ak domèn konpetans kote l gen difikilte.



IMAGINE  
LANGUAGE & LITERACY  
LOGIN

Student: \_\_\_\_\_  
URL: \_\_\_\_\_  
Username: \_\_\_\_\_  
Password: \_\_\_\_\_

